# Көшпели қабыллаў – машқалалар шешиминиң унамлы механизми

Image not found or type unknown

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары Р.Зарикеев басшылығында Мойнақ районында көшпели қабыллаў өткерилди.

Көшпели қабыллаўға аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйыны аймағында жасаўшы пуқаралар өзлериниң мүрәжатлары менен қатнасты. Мүрәжатлардың көпшилиги жоқары оқыў орынларында оқып атырған перзентлериниң шәртнама пулларына, денсаўлығында кеселлиги болған пуқаралар емлениўине зәрүр қәрежетлерди төлеўде, субсидия,  кредитлер тийкарында өзин өзи жумыс пенен бәнт етиўде, турақ жайларында оңлаў жумысларын алып барыўда әмелий жәрдем сорап мүрәжат еткен мәселелерден ибарат болды.

Image not found or type unknown

Соннан «Арал» МПЖ турғыны А.Бегжанова қызының көзине зәрүр операцияны ислетиўге, «Таллыөзек» МПЖ турғыны К.Төлепбергенованың турақ жайындағы суў тәмийинаты системасына есаплағыш орнатыўға ҳәм «Жайҳун» МПЖ турғыны Б.Акалиева денсаўлығындағы наўқаслығы себепли керекли емлениўханаға жетип барыўына жол қәрежетлерин төлеўге сорап еткен мүрәжаты қәўендерлер есабынан унамлы шешилди.

Image not found or type unknown